

**POUVWA POU FANMI KI GEN BOUSDETID POU  
ENTIDYAN KI GEN ABILITE KI DIFERAN**

**Gid Pou Lè Ap Achte**

2024-2025

# Table of Contents

ENTWODIKSYON .....	1
RÈG POU LÈ OU AP ACHTE .....	1
BAGAY OU KA ACHTE AN JENERAL.....	2
KATEGORI POU DEPANS KI OTORIZE .....	4
MATERYÈL ENSTRITIV Yo .....	4
Aparèy Digital Konekte ak Plizyè Lot Aparèy .....	4
Aparèy Teknoloji pou ede Moun ki Andikape/Ki gen Diferan Abilite .....	5
Fòmasyon sou jan ou Sèvi ak Aparèy ki Elijib yo .....	5
Dokiman Akò Antretyen pou Aparèy ki Elijib.....	5
Materyèl Dijital.....	6
Resous Entènèt.....	6
Klas ki nan Entènèt Sèlman.....	6
Materyèl Pou Sans Yo (manyen, goute, wè, tande, epi pran sant) .....	6
Edikasyon Fizikal (E.F.).....	7
Liv yo .....	8
Enstriman pou Mizik epi Ekipman .....	8
Klas ou Chwazi pou Enterè pa ou .....	8
Jwenn yon vande ki elijib pou sijè pou ogmante kapasite w ouswa sijè pou enterè pa ou .....	9
Pwomnad pou Lekòl ak Lòt aktivite ki Nesesè pou Ogmante yon Pwogram Detaye.....	10
Mèb pou Klas ki Fèt Lakay.....	12
Founiti Klasik yo.....	12
Frè pou Laboratwa epi Materyèl yo .....	13
Atik ou Manyen Pandan w ap Aprann/Atik pou Kreye Pandan w ap Jwe .....	13
Abònman Twous pou Edikasyon .....	14
Lojisyèl pou Edikasyon/Abònman yo.....	14
PWOGRAM DETAYE epi MATERYÈL POU PWOGRAM DETAYE YO.....	14
SÈVIS ESPESYAL YO .....	15
EKOLAJ YO EPI FRÈ.....	16
Ekolaj epi Frè nan yon Lekòl Prive ki Elijib.....	16
Ekolaj epi Frè pou Pwogram Edikasyon Lakay yo.....	17
Ekolaj epi Frè nan yon Enstitiyon Inivèsite ki Elijib.....	18

Ekolaj epi Frè pou Enskri nan 2 Pwogram .....	19
Ekolaj epi Frè yo pou Pwogram Prive pou Leson Patikilye .....	19
Ekolaj epi Frè pou Sèvis Leson Patikilye lè ou Travay Mwatye tan ouswa Frè pou Sèvis Navigatè pou ede w chwazi.....	20
Ekolaj epi Frè yo pou yon Vandè ki Apwouve nan Entènèt ouswa yon Vandè Vityèl.....	22
Ekolaj epi Frè yo pou yon Etidyan ki Peye an Prive pou Lekòl nan Entènèt .....	22
FRÈ POU EGZAMEN KI INIFÒM POU TOUT MOUN .....	22
KONTRIBISYON POU INIVÈSITE KI APWOUVE POU KONT EPAY .....	23
Stanley G. Tate Pwogram Peye pou Kolèj/Inivèsite Davans nan Florid .....	23
Pwogram Kont Epay pou Kolèj Nan Florid.....	24
SÈVIS KONTRA YON LEKÒL PIBLIK BAY OUSWA YON DISTRI ESKOLÈ.....	25
FRÈ POU PWOGRAM ESPESYAL POU EDIKASYON PANDAN ETE.....	26
FRÈ POU PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL APRÈ LEKÒL.....	26
SÈVIS POU TRANZISYON.....	27
SÈVIS TRANZISYON KE ANTRENÈ TRAVAY A BAY .....	28
FRÈ POU EVALYE EDIKASYON LAKAY CHAK ANE.....	29
EKOLAJ EPI FRÈ POU YON VANDÈ YO APWOUVE KI GEN YON PWOGRAM VPK (PRESKOLE), YON VANDÈ KI APWOUVE POU YO PREPARE PRESKOLÈ POU LEKÒL, OUSWA YON LEKÒL PRIVE KI ELIJIB .....	29
CHEVAL KI EDE NAN TERAPI.....	30
TERAPI POU MIZIK EPI DESEN .....	31
(2024-2025 Pouvwa Fanmi ki gen Bousdetid – ki gen Abilite ki Diferan/Fanmi Sondaj pou Fidbak 2024-2025) .....	32
Apendis A.....	33
Rezime ki Entèdi ouswa Atik ki pa Elijib yo .....	33
Apendis B.....	35
Atik ki mande Otorizasyon Davans: .....	35
Apendis C.....	36
Atik epi sèvis ki mande pou ou ranpli yon fòm ki rele Fòm pou Benefis Edikasyon.....	36

# ENTWODIKSYON

Gid sa a trè jeneral epi yo ekri l pou ede paran yo swiv lwa yo lè y ap mande pou ranbouse yo nan lajan bousdetid la. Gid sa a pa sipoze bay anpil detay ouswa sipòte yon sèl pwogram edikasyon espesyal. Chak òganizasyon yo rele [Oganizasyon Lajan Bousdetid](#) yo, se yon òganizasyon ki endepandan epi ki pa pwofite nan fè kòb. Chak gen règ e pwosedi pa yo. Pou sa, li enpòtan pou ou li epi swiv enfòmasyon ki nan liv règleman pou paran yo ki sòti nan pa ou a ak materyèl ki gen detay epi enfòmasyon trè espifik sou pwosesis administrativ sou bousdetid pa ou a.

Revizyon nan dokiman sa “purchasing guide” (gid pou lè ou ap achte) baze sou fidbak epi imèl fanmi yo bay san yo pa mande yo. Alò yo pran opinyon fanmi yo epi yo mete yo ansanm pou swiv yon lòd yo te pase pou jwenn fidbak sou pwogram bousdetid la jan yo ekri nan lwa [s 1002.394](#).

Nòt: Lwa Florid la epi lejislasyon ki gen rapò ak chak tit nan gid sa epi yo mete eskplikasyon yo nan yon bwat nan kòmansman chak seksyon. Ipè lyen yo (ekriti nan koulè ble yo) ap mennen moun k ap li gid sa dirèkteman nan pati lwa yo.

## RÈG POU LÈ OU AP ACHE

Lwa a [s.1002.394](#) F.S., nan gid “Pouvwa pou Fanmi ki gen Bousedetid pou Etidyan ki gen Abilite ki Diferan” sa a, ou dwe sèvi ak lajan bousdetid la pou ede etidyan ki nan bezwen edikativ ki elijib pou bousdetid la. [elèv ki kalifye](#). Si ou sèvi ak lajan ki pa pou atik edikasyon ka vyole Lwa Florida la epi yo ka yon krim. Men yon egzanp, si ou achte yon bagay ak lajan bousdetid la epi ou remèt bagay la nan magazen an. Ak lajan yo remèt ou a ou achte yon lòt bagay ki pa pou edikasyon, ou pap swiv lwa a. Tanpri, kontakte SFO pou jwenn otarizasyon sou sa ou kapab achte epi sa ou pakab achte lè ou ap sèvi ak lajan bousdetid la anvan ou achte yon bagay.

SFO ap ranbouse lajan an bay paran/gadyen yo pou sa yo achte pou pwodwi ouswa sèvis SFO yo dakò se yon atik edikasyon etidyan nan bezwen. Si SFO gen yon kote sou entènèt kote yo mete pwodwi yo epi sèvis yo, y ap apwouve tout sa ki sou lis ou a. Sa pa vle di ou ta dwe achte sèlman atik ki sou lis entènèt la. Si yon paran/gadyen achte yon pwodwi ki menm jan ak yon atik SFO gen nan entènèt la epi paran an te achte l yon lòt kote pou yon pri ki te pi piti, lwa a di SFO a dwe ranbouse paran ouswa gadyen an lajan an. Yo sijere paran/gadyen mande SFO èske yon bagay bon pou ranbouse avan yo achte bagay la.

[s. 1000.21\(6\)](#), F.S., “Paran” vle di yon sèl ouswa tou 2 paran yon etidyan, ouswa nenpòt gadyen pou yon etidyan, epi nenpòt moun ki gen yon pozisyon paran ak pou yon etidyan, epi nenpòt moun ki gen otorite sipèvize sou yon etidyan nan plas paran an. Nan “Gid Achte” sa a, mo, “gadyen” ap dekri tout paran ki elijib yo ak gadyen ki okipe yon kont ESA pou etidyan ki eligib nan FES-UA.

Depatman Edikasyon nan Florid gen dwa pou yo kanpe bousdetid FES-UA pou moun ki pa swiv gid bousdetid la, pwensip yo, règleman yo, epi lwa yo. Men egzanp vyolasyon ki ka sèvi pou yo kanpe bousdetid la:

- Si paran an mete yon etidyan nan yon distri ekolè piblik, lekòl piblik prive, epi lekòl nan entènèt yo (menm lekòl pandan vakans) san yo pa peye lekòl la
- Si ou pa sèvi ak lajan an jan yo te di w pou fè l, oubyen ou bay manti
- Si w aksepte nenpòt lòt bousdetid ouswa kredi sou taks pandan w ap patisipe nan FES-UA.

Lajan Oganizasyon Bousdetid gen dwa pou yo refize nenpòt bagay oubyen mande pou plis enfòmasyon sou bagay yo decide ki pa bon pou laj yon etidyan (al wè yon definisyon nan paj 2) ouswa ankouraje vyolans, aktivite kriminel, oubyen konpòte w nan yon jan ki pa legal.

## BAGAY OU KA ACHE AN JENERAL

Atik ou ka achte an jeneral ki gen rapò ak laj etidyan an: Paske pwogram etidyan an gen diferan bezwen, evalyasyon yo baze premyèman sou laj ki pi piti pou sekirite etidyan an.

Achte ak lajan kach: Yo p ap ranbouse yon pèman ak lajan kach pou vandè prive.

2 fakti: Ou pap ka soumèt fakti pou ranbousman pou pwodwi oubyen sèvis yon lòt ajans, ouswa yon lòt sous (pa egzanp, asirans pou sante, kont bank pou sante, oubyen yon pwogram pou prepare etidyan pou lekòl).

Benefis pou Edikasyon: Yo dekri “benefis pou edikasyon” vle di pwodwi, sa ou pratike, ouswa sèvis yo ki sipòte epi avanse jan etidyan aprann. Gen kèke atik oubyen sèvis ki ka mande plis enfòmasyon pou montre benefis edikasyon ouswa sèvis sou bezwen etidyan nan.

Sèvis medikal yo: Eksepte pou pwogram espesyal yo dekri nan lwa FES-UA, (ki enkli “Applied Behavior Analysis (ABA)” (Analiz sou konpòtman) Pale, Okipasyon, ouswa terapi fizikal) sèvis medikal yo (ki enkli vizit kay doktè, ekzaminasyon, epi aparèy medikal) yo pa depans elijib.

Benefis Lajan: Yon fanmi paka resevwa pèman, remèt lajan, ouswa rabè sou bousdetid la nan men vandè yo, oubyen moun k ap bay sèvis yo.

Vandè ki rete nan yon lòt eta: Eksepte vandè ki gen lisans yo epi sèvis y ap bay sou entènèt (pa egzanp, èd pou leson patikilye, moun ki gen lisans k ap fè terapi), tout lòt sèvis yo dwe fèt nan Florid.

Aktivite nan yon lòt eta: Aktivite yo ki tonbe nan kategori depans jeneral, yo elijib, men, yo mande yon òtorizasyon ke yo apwouve anvan ou ka fè l.

Paran: Mo “paran” an gen menm definisyon ak sa ki ekri nan lwa [s. 1002.394\(2\)\(m\)](#)

Demann Òtorizasyon Davans: Gen anpil atik epi sèvis ke yo apwouve sou sa ou ka fè ak lajan bousdetid yo. Men, gen kèk atik ouswa sèvis ki mande yon paran pou yo remèt yon dokiman pou mande òtorizasyon anvan l achte yon atik. Tanpri gade seksyon nan fen liv nan Pati B pou yon lis konplèt sou atik epi sèvis sa yo.

**Not:** Atik ouswa sèvis ki pa ekri ki elijib nan gid sa (Purchasing Guide) mande yon otorizasyon davans ki apwouve anvan ou ka achte yon atik ouswa sèvis. SFO a pap akspete ouswa konsidere otorizasyon davans yo pou atik ki entèdi.

Yon fòm pou mande òtorizasyon:

- Se pou ou ranpli fòm òtorizasyon davans (SFO Pre-authorization Request Form) epi yon lòt fòm ki rele Educational Benefit Form (Benefis pou Edikasyon).
  - Lè w ap mande òtorizasyon, w ap bay lòt dokiman ak eksplikasyon sou kijan atik yo se yon depans ki elijib.
  - Fòm òtorizasyon an dwe trè espesifik sou bezwen etidyan nan epi li dwe genyen anpil detay sou yon atik ki egzist, ouswa sou sèvis w ap mande a, epi apeprè konbyen atik yo ouswa sèvis yo ap koute.
- Si òtorizasyon an apwouve, se pou ranpli yon fòm ranbousman SFO a, ouswa pou mande yo mete pèman yo dirèkteman nan kont ou. Atik ouswa sèvis ou mande pou ranbousman an dwe menm atik ak sa ou te mande nan fòm òtorizasyon davans lan.

**Nòt:** Fòm òtorizasyon an se pa konfimasyon ke vandè a elijib ouswa gen lajan pou ranbouse w.

Lè yo apwouve yon fòm òtorizasyon, yo baze desizyon yo sou chak ka endividyèlman ki montre enpòtans bezwen etidyan nan. Fòm òtorizasyon an bon sèlman pandan yon lane lekòl lè yo te apwouve fòm nan.

Ou dwe soumèt/bay fòm òtorizasyon yo nan yon sit nan entènèt la, lè kont etidyan nan fin apwouve pou lajan an. Y ap revize chak fòm òtorizasyon youn apre lòt nan lòd yo resevwa yo, epi y ap voye rezilta desizyon an ba ou nan imèl ou. Si yo apwouve fòm otorizasyon an, lè ou achte yon atik, soumèt fòm pou ranbouse a nan sit nan entènèt pou paran/gadyen.

Dènye dat yo aksepte fòm otorizasyon yo se 30 Avril, 2025. Dat sa a ap asire ke yo gen asè tan pou apwouve fòm òtorizasyon yo, epi paran yo gen tan pou yo achte atik, epi soumèt fòm yo pou mande pou ranbousman anvan fen lane, a 30 Jen, 2025.

**Sekirite Pwodwi:** Pou asire sekirite pou etidyan yo, moun ki fè pwodwi yo rekòmande Scholarship Funding Organization (SFOs) (Oganizasyon Lajan pou Bousdetid) la pou yo sèvi ak laj ki pi piti a lè y ap deside laj ki gen rapò pou pwodwi yo.

Lè plizyè moun sèvi ak yon atik, pèman an ap pi piti. Pafwa anpil manm nan yon fanmi sèvi ak yon atik yo achte nan lajan bousdetid la. Sepandan, lè fanmi yo sèvi ak atik sa a, y ap retire lajan pou kouvri depans sèlman pou etidyan nan ki gen bous detid la. Si tout fwa gen yon atik ki pou yon sèl moun, ou ta dwe achte atik sa. Ou pa ka achte atik ki pou plizyè moun.

**Kote ou fè acha yo:** Atik ou achte nan entènèt nan sa yo rele “achte dirèk” (pa egzanzp, Amazon; MyScholarShop) dwe voye pwodwi a bay etidyan an ki gen rapò ak kont bousdetid la ki rete nan Florid. Règleman sa a pa pou etidyan ki depann sou paran yo ki nan lame Ozetazini kote yo pase lòd pou li rete nan yon eta lè bousdetid la ap rekomanse, epi adrès kay la ouswa eta legal li nan Florid.

# KATEGORI POU DEPANS KI OTORIZE

[s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

Materyèl pou anseye, materyèl dijital, epi resous pou entènèt yo.

1. Materyèl pou anseye, ak materyèl aparèy dijital, aparèy dijital ki konekte ak plizyè aparèy, epi aparèy teknoloji pou ede etidyan yo jwenn aksè ansèyman oubyen kontni enstriktiv, klas sou kijan yo ka sèvi ak materyèl sa yo, epi gen dokiman sou kijan pou yo okipe aparèy sa yo.

FES-UA - Ou ka sèvi ak lajan bousdetid yo pou achte pwodwi epi sèvis yo otorize nan lis la ki baze sou lwa [s 1002.394](#), F.S.

## MATERYÈL ENSTRITIV Yo

Materyel ki Elijib pou Ansèyman Enkli:

Materyèl dijital yo

- odinatè sou biwo
- Laptap
- Laptap pou entènèt sèlman (Tankou Chromebook ou swa Surface)
- Tablèt
- aparèy pou lekti sèlman)
- telefon sèlilè
- Mont entelijan
- Jwèt sou konpitè/ Ou ka achte konsòl ak materyèl eidikativ ki vin avèl

*Règ sou konbyen fwa ou ka achte atik sa yo: Yon sèl fwa chak 2 zan; men, ak otorizasyon, ou kapab mande si yo ka ranplase aparèy yo pi bonè*

## Aparèy Digital Konekte ak Plizyè Lot Aparèy

- Klavye
- Monitè konpitè
- Prentè
- Espikè
- Kas
- Ti akseswa pou odinatè pou sere enfòmasyon
- Eskanè
- Kreyon dijital
- TTY/TDD konvèsasyon modèm
- Vityèl epi kas reyalyte ogmante/linèt pwoteksyon
- Bwa elektrik
- Wifi rotè, modèm yo, epi ekstansyon pou Wifi
- Aparèy ki gen rapò ak plizyè aparèy epi lòt bagay etidyan an bezwen

*Ou ap bezwen otorizasyon pou achte yon atik epi plizyè atik ki pase 50 dola (\$50).*

## Aparèy Teknoloji pou ede Moun ki Andikape/Ki gen Diferan Abilite

Aparèy Teknoloji pou ede ki pèmet etidyan gen ansèyman ouswa enfòmasyon sou ansèyman. Egzanp ki enkli:

- Aparèy pou ogmante kominikasyon
- bray
- Ekriti bray
- Sitèm FM
- Aparèy pou mizisyen ki aktiv
- Yon signyal ak limyè pou alète moun
- Proloquo2Go
- Zouti pou lekti
- Loup ekran/aparèy ki fè yon bagay agrandi
- Ekran pou lekti
- Yon sitèm ki travay ak lè
- Tablo entelijan
- Pwogram ki rekonèt mo epi vwa
- Sistèm reponn pou etidyan
- Aparèy ki konekte plizyè aparèy nan yon rezo pou jere trafik nan odinatè
- Pale epi yon pwogram ki prente gwo lèt
- Teks-chanje-pale (Text-to-speech (TTS) ouswa sentèz lapawol (Text-to-speech (TTS))
- TTY/TTD konvèsyon ak modèm
- Terapi pou tande son
- Lòt aparèy pou asiste sa ki elijib ak otorizasyon davans

## Fòmasyon sou jan ou Sèvi ak Aparèy ki Elijib yo

[s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

Materyèl pou ansèyman, ki enkli materyèl dijital epi resous pou entènèt.

1. Materyèl pou ansèyman, enkli materyèl dijital, dijital aparèy dijital ki konekte ak plizyè aparèy, epi aparèy teknoloji ki ede epi ki pèmet yon etidyan gen ansèyman ouswa kontni ansèyman epi fòmasyon sou kijan sèvi ak dokiman yon manifakti ouswa vandè ki bay sipò epi ki okipe aparèy yo regilyèman.

Lajan bousdetid la ka sèvi pou fè fòmasyon pou paran/gadyen ouswa etidyan yo sou kijan pou sèvi ak aparèy dijital, aparèy dijital ki konekte ak plizyè aparèy, ouswa aparèy teknoloji pou ede moun.

## Dokiman Akò Antretyen pou Aparèy ki Elijib

Dokiman akò antretyen pou aparèy ki elijib ki achte ak lajan FES-UA ki elijib pou depans FES-UA. Dokiman akò antretyen se yon dokiman pou sèvis yon aparèy manifakti ouswa yon vandè ekri y ap bay sipò regilyèman epi sèvis sou aparèy yo.



## Materyèl Dijital

Lajan bousdetid yo ka sèvi pou achte materyèl dijital tankou CD, DVD, epi dokiman dijital, ak abònman pou fè pati manm ki resevwa liv elektronik, liv odyo/liv pou koute, pwodikтивite, konpòtman, epi pou edikasyon.

## Resous Entènèt

Paran/gadyen yo ka sèvi ak lajan bousdetid yo pou peye pou entènèt lakay yo ( ak sèvis entènèt pèsonèl pou pòtab (Hot Spot) epi pwogram ou ka gade pwogram nan televizyon ouswa sou odinatè lè ou vle (strimin sèvis) nan adrès ki gen rapò ak aplikasyon bousdetid etidyan an. Modèm oubyen rotè ou prete nan men konpayi entènèt yo ki voye fakti ba ou chak mwa, elijib tou. Sèvis strimin dwe apwopriye pou laj etidyan an (yo bay descripsyon yo nan paj 2).

## Klas ki nan Entènèt Sèlman

Paran/gadyen ka achte kou edikasyon sou entènèt ki apwopriye pou bezwen espesifik etidyan an. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vityèl, kou nan entènèt, epi ekolaj nan seksyon nan gid ki rele “ **Ekolaj e Frè ak yon Konpani yo Apwouve pou bay Sèvis Entènèt.**”

## Materyèl Pou Sans Yo (manyen, goute, wè, tande, epi pran sant)

Materyèl pou sans yo ki ankouraje etidyan yo aprann lè yo sèvi ak materyèl sans yo, elijib.

Atik ki elijib yo enkli:

- Okipasyon Terapi (OT) ògmantasyon (Plis ou sèvi avèl, w ap gen pi bon rezilta.
- Terapi fizikal (TF) ògmantasyon (Plis ou sèvi avèl w ap gen pi bon rezilta)
- Balanswa pou sans
- Mèb espesyal/ chèz pou konfò
- Aparèy pou ede granmoun mache/wòkè
- Chèz pou terapi
- Boul pou balans
- Tab pou sans
- Bagay pou manyen epi materyèl pou manyen (Pa egzant, “fidjet spinner” se yon ti jwèt ou ka kenbe nan menm epi vire l pou ede moun konsantre, epi li ede moun nan ak sans manyen.) Jwèt “boynk” se pou ede devlope ladrès motè amann.
- Limyè pou sans (Pa egzant lanp lava epi tib savon pou kim ti won)
- Twous ki gen bagay pou sans (pa egzant yon bwat ak atik pou sans lè w ap vwayaje ouswa yon pakè ak atik ki kalme w.

## Edikasyon Fizikal (E.F.)

Otorizasyon E.F. depans yo ak leson espò, frè, ouswa ekipman (sèvi ak rekòmandasyon laj manifakti di a) ki enkli men li pa depann sou lis sa sèlman:

- Balanswa ki lakay ( Ki gen ti mòso kawotchou ouswa materyèl pou sekirite)
- Bisiklèt ak 2 ou 3 wou yo
- Ekipman pou egzèsis (Ki gen bisiklèt estasyon, aparèy pou mache, pwa ban)
- Ping-pong
- Leson espò yo (ak antrènman pou chak moun ouswa antrènman pou gwoup.
- Ekipman pou Espò (boul yo, pannye pou baskètbòl, rakèt, espesyalizasyon ouswa espò espesifik, soulye pou espò, elatriye.
- Frè yo mande lè w nan yon ekip (Pa egzanp, anrejistre, ekipman pou prete, epi frè pou konpetisyon)
- Frè pou yon sèl aktivite (ki enkli, anrejistre pou kous a pye epi sou bekàn, aktivite pou rezistans, epi pou anrejistre pou Olennpi Espesyal.
- Djim (kote ou fè egzèsis) manm klèb espò ouswa yon kat pou klas yo (pou etidyan an sèlman), ki enkli klas egzèsis nan entènèt lè ou vle
- Egzèsis pou yon sèl moun sou tranplen
- Linèt pou naje, moun ki plonje anba lanmè, mask, najwa yo pou naje
- Planch ak woulèt
- Kayak, Kannòt, planch pou glise nan dlo, planch pou tout kò w, yon planch fen pou glise sou dlo ouswa sab, planch pagè
- Nintendo Wii © ekipman ouswa mouvman pou ede moun aprann
- Dijital ouswa ansèyman ki baze sou videyo epi espò
- Leson dans
- Ekipman dans (ak soulye pou dans)

*Règ sou konbyen fwa ou ka achte ekipman yo:* Yon fwa chak 2 zan, men sitoutfwa ou bezwen ranplase ekipman an, li ka elijib ak otorizasyon.

**Nòt:** Egzèsis ekipman pou moun ki andikape ki elijib ak otorizasyon ou mande davans. Ou dwe ranpli yon otorizasyon davans pou atikvite edikasyon fizikal ki pase deyò eta Florid.

Atik ki entèdi men li pa depann sou lis sa a sèlman:

- Ekipman ak motè (aparèy pou mache/kouri ouswa kousen pou mache, elijib)
- Tranplen yo (tranplen pou egzèsis pou yon sèl moun, elijib)
- Tab biya
- Pisin yo bati andedan tè a ouswa pisin yo bati sou te a ak epi basen dlo souke
- Ekipman ak motè yo, men li pa limite sou lis 2, 3, oubyen 4 machin ak wou
- Ti motosiklèt oubyen bagay ou ka monte (ak machin pou gòf yo)
- Bagay pou dlo (ki pa sou lis anwo yo)
- Admisyon pou yon sèl moun nan yon evenman pou plezi (ki enkli ekipman pou lokasyon) ekspte bòlin, pak pou tranplen yo, ouswa paten sou glas
- Aktivite k ap pase andeyò Eta Florid ki pa otorize davans

## Liv yo

Liv klas pou li, liv klas pou travay/ekri epi nenpòt lòt liv elijib pou yon depans nan FES-UA. Liv pa gen limit nan depans chak lane ouswa konbyen fwa ou ka achte yo. Yo pèmèt 2 kopi yon liv. Liv ki gen materyèl ki sèvi tankou yon menas pou etidyan an ouswa ki ankouraje vyolans ouswa konpòtman kriminel, pa elijib pou achte.

## Enstriman pou Mizik epi Ekipman

Enstriman mizik yo, epi kèk lòt ekipman, elijib pou depans FES-UA. Okipe, ajiste yon enstriman, asirans, ouswa kontra sèvis yo, epi reperasyon pou enstriman yo, elijib.

## Klas ou Chwazi pou Enterè pa ou

Leson yo, ekipman, ouswa konsomab yo, jeneralman ki gen rapò ak klas ou chwazi pou entere w, ouswa pou ogmante kapasite w nan (sijè ki pa akademik) ou ka achte l epi ki enkli, men li pa depann sou lis sa sèlman:

- Leson mizik yo
- Leson pou fè desen
- Materyèl pou fè desen
- Frè pou òganizasyon (tankou eskout pou fi, pou gason, epi 4H/FFA Clubs)
- Leson pou fè manje
- Materyèl pou fè manje
- Leson pou teyat
- Leson pou aprann lang
- Leson pou aprann Koud
- Materyèl pou koud
- Pwogram pou aprann okipe bèt
- Materyèl pou okipe bèt
- Leson pou aprann travay ak bwa/ leson ouswa pwogram pou aprann bati
- Leson pou aprann travay ak bwa/ materyèl pou bati (materyèl yo dwe satisfè sa moun ki bay materyèl yo rekomande pou laj etidyan yo)

Pou leson pou entere w yo, ou dwe ranpli yon fòm sou benefis pou edikasyon ki enkli men ki pa depann sou lis sa a sèlman:

- Leson pou mekanik ouswa pwogram pou fòmasyon
- Materyèl pou mekanik (materyèl yo dwe satisfè sa manifakti yo rekòmande pou laj etidyan yo)
- Leson pou jadinye, ortikòl, ouswa pwogram pou fòmasyon
- Materyèl pou jaden (materyèl yo dwe satisfè sa moun ki bay materyèl yo rekòmande pou laj etidyan an)
- Atik pou pwoteje (enkli gan ouswa linèt pou pwoteje)
- Materyèl ki gen rapò ak inivèsite lè w ap chanje objektiv ouswa fè plan pou chanje karyè
- Ap fè pwogram/leson pwodiksyon dijital
- Klas epi kou yo ki pou ogmante kapasite w

*Règ sou Konbyen Fwa ou ka Achte:* Chak 2 zan pou ekipman. Men, ekipman elijib yo ka ranplase davans lè ou mande otorizasyon davans. Plizyè ouswa yon sèl klas pou enterè w ki plis pase 50 dola (\$50) dwe gen yon otorizasyon davans.

## Jwenn yon vande ki elijib pou sijè pou ogmante kapasite w ouswa sijè pou enterè pa ou

**Vandè ki elijib yo** pou ogmante kapasite ouswa sijè ou chwazi yo ta dwe gen youn nan lis sa a:

- Ki elijib pou bay sèvis epi leson patikilye ki ogmante kapasite yo mwatye tan tankou jan yo ekri l nan règ yo ki rele **“Ekolaj epi frè pou leson patikilye mwatye tan ouswa Frè pou Sèvis Choice Navigator”** (Yon navigatè ki ede w chwazi.)
- Yon sètifika ki valab nan edikasyon nan Florid ouswa youn ki ekspire
- Pa pi piti 3 zan eksperyans nan yon sijè kote yo montre sa a nan yon dosye travay
- Enskri nan inivèsite nan yon enstitisyon edikativ tankou yon etidyan ki konsidere ki enpòtan nan domenn sijè sa a
- Diplòm ki sòti nan yon inivèsite nan yon enstitisyon edikativ yo konsidere ki enpòtan nan domenn sijè sa a
- Sètifika ouswa akreditasyon nasyonal nan yon sijè yo konsidere ki enpòtan nan domenn sijè sa a

## Pwomnad pou Lekòl ak Lòt aktivite ki Nesesè pou Ogmante yon Pwogram Detaye

Lis anba a dekri sèlman kote ki elijib pou yon etidyan ki vle peye epi pou rantre nan yon kote pou amizman. Pwomnad lekòl elijib pou etidyan an sèlman. Si gen yon pakè pou tout fanmi a rantre nan yon kote pou amizman, y ap rekalkile ranbousman an pou kouvri lajan an pou etidyan an sèlman. Pri pou kat la dwe gen rapò ak laj etidyan an (pri yo chanje depann sou laj yon moun). Ou dwe achte kat yo pou admisyon, dirèkteman nan men vandè yo ouswa nan men yon twazyèm pati ki gen dwa vann kat yo. Yo pap ranbouse pou yon kat ki achte dezyèm men ouswa kat ki te revann.

- Frè pou admisyon/rantre nan mize
- Frè pou admisyon/rantre nan akwayòm/epi kote yo mete bèt
- Pwogram ouswa aktivite kote gen mize/kote pou bèt/akwayòm
- Vin yon manm mize epi bibliotèk
- Vin yon manm akwayòm/ kote yo mete bet
- Kat pou akitive ki (enkli pyès teyat, teyat mizikal, ouswa okès k ap jwe)
- Admisyon pou rantre pou aktivite kiltiryèl ouswa nan yon plas
- Admisyon pou rantre nan yon plas pou amizman
- Frè pou pwomnad lekòl yo elijib pou yon lekòl prive ouswa yon pwogram etidyan an aprann lakay yo.

*Fòm pou ranbouse pou pwomnad ki fèt an deyò eta Florid la epi pou pak pou amizman, dwe vin ansanm ak dokiman pou benefis edikasyon yo.*

*Ou dwe voye yon fòm ki bay pèmasyon pou akitivite ki pa annafè ak lekòl k ap pase an deyò Eta Florid, men ki andedan Ozetazini.*

Frè pou pwomnad lekòl yo elijib pou yon lekòl prive ouswa yon pwogram etidyan an aprann lakay yo, lè li anba kategori pwomnad ouswa li ka fè pati ekolaj e frè yo. Mande SFO pou verifye kategori yo ki bon.

**\*Nòt sou admisyon nan yon pak/plas piblik nan Florid:** Chak etidyan ki gen yon bousdetid ap bay yon sèl fòm pou ranbouse pou frè yo te peye lè yo te rantre nan yon sèl pak/plas piblik pandan yon lane lekòl, ki pa plis pase 299 dola (\$299) anvan yo retire taks. Paran/gadyen ka chwazi ouswa yon jounen pou yon sèl jou ouswa plizye jou, ouswa yon kat pou yon lane, yo ka ranbouse lajan pri ou te peye pou kat la pou laj etidyan an pa plis pase \$299 anvan yo retire taks. Paske nan chak bousdetid gen bagay ki pèmèt yo ranbouse w pou aktivite sa yo yon sèl fwa, epi y ap ranbouse paran/gadyen pou ekzatemman sou pri yo te achte kat yo lè yo te voye fòm pou ranbouse a. Paran ki itilize yon plan pou pèman dwe tann jis lè yo fin peye yon kat ouswa yon aksè nèt (pa plis pase 299 dola (\$299) anvan yo ka bay fòm pou ranbouse a. Ou pa kapab mete twa fòm yo ansanm, fòm ou mande pou ranbouse a, ak fòm ranbousman, ouswa resi.

Lè w ap mande pou ranbouse lajan an, ou ta dwe genyen resi ki montre prèv ou te peye, ouswa yon demann pou pèman ki gen rapò ak non etidyan an ki vizib sou paj la, epi yon nòt ki eksplike benefis edikativ etidyan an te jwenn nan aktivite sa yo.

**Nòt:** Y ap kouvri/peye egzakteman yon sèl frè pou admisyon sèlman pou etidyan ki gen bous la. Lòt bagay tankou sèvis (kote ou mete machin ou, manje, ouswa bagay pou bwè, foto, oubyen ti souvni, ouswa frè pou admisyon ki pi chè a) pap fè pati ranbousman an. Kat pou aktivite espesyal entèdi.

Yon fòm pou ranbouse pou yon kat pou plas piblik ouswa yon aksè pou chak lane pandan lane lekòl la (1 Jiyè, 2024 -30 Jen, 2025) kap bay pou chak etidyan ki gen yon bous, epi yo ka remèt ou pa plis pase 299 dola (\$299) (anvan yo retire taks). Y ap peye egzakteman yon frè pou admisyon sèlman pou etidyan ki gen bousdetid la. Lòt bagay tankou sèvis (kote ou mete machin ou/pakin, manje, ouswa bagay pou bwè, foto, ouswa ti souvni, ouswa frè pou admisyon ki pi chè a) pap fè pati de ranbousman an.

Lis sa fè pati nan Florida Theme Parks (pak pou amizman/plas piblik) ki elijib:

- Animal Kingdom
- Busch Gardens Tampa Bay
- Epcot
- Hollywood Studios
- Islands of Adventure
- Legoland Florida
- Magic Kingdom
- Peppa Pig Theme Park
- SeaWorld Orlando
- Universal Studios Florida

\*Yon kat pou chak lane ouswa kat pou plizyè jou ki enkli frè pou admisyon nan plizyè pak pou amizman/plas piblik nan lis anwo a, epi yo fè pati menm gwoup fanmi.

Frè pou admisyon nan yon plas pou amizman, plas ak dlo, epi plas ki pa nan eta a, yo pa yon depans ki elijib.

Kat pou aktivite espesyal (pa egzanp, aktivite chak sezon ouswa aktivite lèswa nan pak amizman/plas piblik nan Florid, pa yon depans ki elijib.

**Règ pou ranbousman yo:**

- Ranbousman an ta dwe jis, li paka gen ogmantasyon an plis.
- Ou dwe ranpli yon fòm ki rele Benefis pou Edikasyon (Educational Benefit Form) epi bay li ak fòm pou ranbousman an.
- Ou dwe remèt fòm pou ranbousman an aprè ou fin peye tout frè kat la ouswa aksè sa a.
- Atik ou achte yo nan yon plan pou peye: Paran/gadyen yo ap resevwa lajan ranbousman pou egzakteman sa yo te peye lè yo te bay fòm pou ranbousman an.
- Paran ki itilize plan pou pèman an dwe tann jis lè kat ouswa aksè a fin peye nèt (pa plis ke 299 dola (\$299) avan yo ka bay fòm pou ranbousman an.

- Y ap revize demann pou ranbousman an lè ou te bay li ouswa lè ou te voye fòm pou ranbousman an.
- Dat ou te achte atik la se dat ou fin peye kat/aksè a nèt.
- Prèv ou peye kat la pou pak pou amizman an/plas piblik la dwe genyen non etidyan an sou resi a epi sou fakti a.

## Mèb pou Klas ki Fèt Lakay

Mèb ou bezwen pou kreye yon klas lakay ou pou bezwen espesyal pou yon etidyan se yon depans elijib ki enkli men li pa depann sou lis sa sèlman:

- Biwo
- Chèz
- Estoraj/bifèt/tyana
- Tab pou achitèk
- Tab pou manje
- Televizyon (gwo a dwe satisfè bezwen etidyan an)
- Pwojektè pou andann kay
- Yon tablo nimewik ki estab ouswa youn ou monte/desann
- Tablo blan
- Tapi ouswa/mozayik pou atè ki fèt ak materyèl ki bay sipò
- Kat jeyografik/glòb/atlas
- Tablo pou mete anons
- Kronomèt/Revèy
- Pannkat pou edikasyon/ Sipò vizyèl
- Lòt mèb ki kab sipòte bezwen etidyan an

Règ sou konbye fwa ou ka achte yon atik: Yon sèl fwa chak 2 zan pou mèb, televizyon, ouswa pwojektè yo; men atik sa yo elijib epi ka ranplase pi bonè ak otorizasyon anvan ou achte l.

**Nòt:** Yon sèl ouswa plizyè mèb ki pase 50 dola (\$50) ouswa yon televizyon ki plis ke 55 kilomèt ou dwe gen yon fòm otorizasyon davans pou ou achte l.

## Founiti Klasik yo

[s.1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

Materyèl enstriktif ki genyen materyèl dijital, epi resous pou entènèt. Ou ka achte epi sèvi ak ekipman ki nan sijè etid sou lang, lekti, matematik, etid sosyal, epi syans.

Founiti Klasik ki elijib pou achte ki enkli men li pa depann sou lis sa sèlman:

- Zouti pou ekri
- Kreyon Koulè yo
- Zouti pou matematik (abakas/konpas/rapotè/règ)
- Konik (tape) klip pou tache papyè/agrafèz
- Kalkilatri
- Papyè
- Kaye yo/Katab/atachman
- Kaye pou plannifye/kaye pou òganize
- Sak lekòl (valiz sou do, sak, sak pou mesajè)
- Bwat a lench
- Lak pou enprimè

## Frè pou Laboratwa epi Materyèl yo

Syans, matematik, epi frè pou laboratwa enfòmatrik epi ekipman pou pwoteje nan yon laboratwa elijib pou depans pou FES-UA. Ekipman laboratwa dwe pwoteje etidyan an epi bay opòtinite pou ansyèman.

Ekipman pou laboratwa ki pa pwoteje etidyan an, lòt etidyan yo, ouswa ki sijere vyolans, ouswa aktivite kriminel, pa elijib pou achte.

## Atik ou Manyen Pandan w ap Aprann/Atik pou Kreye Pandan w ap Jwe

Atik ki elijib pou aprann manyen, pratik akademik, ouswa jwe pou kreye ki bay opòtinite pou ansyèman, baze sou bezwen etidyan an, men li pa depann sou lis sa sèlman:

- Legos
- Poupe (epi akseswa)
- Nounous
- Blòk
- Domino/bik/mab
- Jwèt pasyans
- Jwèt kat/Jwèt sou tab
- Echèk/dam jwèt
- Rad pou jwe
- Kwizin pou jwe
- Tab pou dlo
- Lòt bagay ki sipòte bezwen aprann etidyanla epi gen benefis edikasyon

Jwèt ouswa jwèt pasyans ki pa pwoteje etidyan an, lòt etidyan yo, ouswa ki sijere vyolans, ouswa aktivite kriminel, pa elijib pou achte.



## Abònman Twous pou Edikasyon

Abònman twous pou edikasyon ke konpayi ki kreye twous epi yo voye l pa lapòs lakay yon moun elijib pou ranbouse. Materyèl yo dwe san danje pou etidyan yo epi dwe bay opòtinite pou ansèyman.

## Lojisyèl pou Edikasyon/Abònman yo

Atik anba yo elijib pou sèvi avèl yon sèl fwa/ki baze sou pri pou etidyan an sèlman. Si gen plizyè moun ki gen aksè ak abònman an, y ap kalkile pri an pou peye pou etidyan an sèlman. Lojisyèl epi abònman an yo dwe san danje pou etidyan an sèvi epi bay opòtinite pou ansèyman.

Depans ki elijib yo enkli atik sa yo, men yo pa depann sou lis sa sèlman:

- Abònman lojisyèl yo (Word processing, Microsoft Office, Abode, videyo ouswa lojisyèl pou korije-mizik, lojisyèl, LexisNexis, QuicBooks)
- Abònman magazin
- Abònman journal
- Lòt lojisyèl pou edikasyon epi abònman yo

Lojisyèl Edikasyonèl epi Abònman yo ki mande pou w fin ranpli Fòm Benefis pou Edikasyon ki enkli men li pa depann sou lis sa sèlman:

- Videyo/Televizyon/sèvis entènèt
- Sèvis Mizik
- Achte jwèt pandan w ap jwe yon jwèt nan odinatè/ouswa ak kredi
- Pwogram televizyon k ap pase kounye a
- Medya (eksèpt LinkedIn Learning pou etidyan yo)
- Fanmi ouswa plizyè abònman pou lojisyèl

## PWOGRAM DETAYE epi MATERYÈL POU PWOGRAM DETAYE YO

[s.1002.394](#) F.S.

(2) (c) "Pwogram Detaye" vle di yon kou etid konplèt pou yon kou ki gen kontni patiklyè ouswa yon nivo, ki enkli nenpòt materyèl an plis ki gen rapò ak ansèyman sou entènèt.

Pou seksyon sa a, yon liy etid konplèt genyen pwogram apre inivèsite pou prepare karyè ouswa lekòl pwofesyosyonèl. Paran yo ouswa gadyne yo dwe bay yon fòm otorizasyon davans pou materyèl pwogram detaye yo ki pa disponib pou piblik la.

# SÈVIS ESPESYAL YO

[s. 1002.394](#) F.S.

3. Sèvis espesyal vandè ki apwouve bay yo ouswa de yon lopital nan eta sa a ke paran yo chwazi.

Sèvis espesyal sa yo ka enkli, men li pa depann sou lis sa sèlman:

a. Sèvis analize pou konpòtman tankou yo ekri nan [s.627.6686](#) F.S. epi [641.31098](#) F.S..

b. Sèvis pou patolojis pale/ langaj jan yo dekri nan lwa [s. 468.1125\(8\)](#) F.S..

c. Terapi okipasyon jan yo dekri nan lwa [s. 468.203](#) F.S..

d. Sèvis yon terapèt pou fizik bay, jan yo dekri nan lwa s. 486.021 (8) F.S.

e. Sèvis espesyalis pale/tande bay nan yon anvironman ki apropriye pou yon etidyan ki gen yon pwoblèm tandè, ki soud, epi ki resevwa yon aparèy pou ede l tandè.

Sèvis espesyalize se sèvis vandè ki apwouve bay epi ki ekri nan lis anba a ouswa yon lopital nan Florid. Yo ka bay sèvis andeyò Florid si yo gen kalifikasyon. Sèvis nan entènèt elijib.

Sèvis espesyal yon vandè apwouve epi ki gen lisans sòti nan men Depatman Florid pou Sante pou bay sèvis, ajans ki apwouve pou moun ki andikape ouswa apwouve pou ansèyman sèvis espesyalize nan Special Instructional Services (SIS) Provider ki nan Òganizasyon ki bay sipò nan lekòl timoun preskolè yo pou yo gen yon anvironman kote yo ka aprann "Office of Early Learning." Yon vandè ki aprouve dwe bay sèvis nan espesyalizasyon kote yo apwouve l.

Sèvis yo genyen:

- Applied Behavior Analysis (ABA) Konpòtman yo Analize se sèvis yo bay ouswa anba sipèvizyon yon Analis sou Konpòtman ke yon komite sètifye (Board Certified Behavior Analyst) (BCBA) (yon egzanp; sèvis yo bay nan men yon Teknisyen sou Konpòtman ki Anrjistre (Registered Behavior Technician (RBT) anba sipèvizyon yon BCBA)
- Terapi pou pale e langaj
- Terapi pou okipasyon
- Terapi fizikal
- Tandè epi terapi langaj/pale
- Konsèy sikològ ki gen lisans, Sikològ pou lekòl, Konseye Sante Mantal, Terapi pou Maryaj e Fanmi, Travayè Klinik Sosyal
- Terapi vizyèl nan men yon doktè zye ki gen lisans

Men lyen yo pou verifye kalifikasyon espesyalizasyon pou sèvis:

- Ajans pou moun ki andikape : [men yon lyen pou](#)
- Depatman Sante Florid la: [Lyen pou](#)
- [Sèvis Espesyal pou Ansèyman](#): (Analis sou Konpòtman)

# EKOLAJ YO EPI FRÈ

[s. 1002.394](#) F.S.

Ekolaj ouswa frè ki gen rapò ak travay anpil tan ouswa ak travay mwatye tan enskri nan yon pwogram edikasyon lakay yo, lekòl prive ki elijib, enstitiyon nivo inivèsite ouswa yon pwogram yo ofri nan yon enstitiyon edikasyon, sòf si pwogram la anba lwa [s. 1009.25](#) F.S. ouswa pou ranbouse dapre lwa a [s. 1009.30](#) F.S.; ouswa yon pwogram anvan aprantisaj jan yo dekri nan lwa [s. 446.021\(5\)](#) F.S. ki pa anba lwa (chapit) [chapter 1005](#) F.S.; epi li konfòm ak tout lwa ki aplikab pou depatman an dapre lwa chapit 1005 F.S.; yon pwogram leson prive yo otorize anba lwa [s. 1002.43](#) F.S.; yon pwogram entènèt depatman an apwouve yon vandè prive nan entènèt ki gen kalifikasyon vandè ki egzaktman sa yo dekri nan lwa [s. 1002.45\(2\)\(a\)](#) F.S., Florida Virtual School tankou yon etidyan prive ki peye, ouswa pou yon kou edikasyon yo ofri nan entènèt ki apwouve dapre lwa [s. 1003.499](#) F.S. ouswa [s. 1004.0961](#) F.S.

## Ekolaj epi Frè nan yon Lekòl Prive ki Elijib

Ekolaj epi frè yo nan yon lekòl prive ki elijib kouvri anba FES-UA Bousetid la. Lekòl yo dwe satisfè kritè pou yo kapab elijib epi eli pou patisipe nan pwogram FES pwogram. Se pa tout lekòl prive yo ki elijib pou patisipe. Yon lis lekòl ki elijib pou sèvi etidyan ak Bousdetid yo nan yon liv enfòmasyon pou [Lekòl Prive nan Florid](#). Chwazi peyi ou; epi chwazi Pouvwa pou Fanmi Bousdetid pou Etidyan ki gen Abilite Diferan - Iyen. Yon paran ki aplike pou yon bousetid epi ki enskri etidyan an nan yon lekòl prive ki elijib, dwe satisfè atant lan, dwe rankontre ak direktè lekòl prive a ouswa yon moun direktè a chwazi pou revize pwogram akademi a e règleman lekòl la, sèvis espesyal yo, lwa sou konpòtman etidyan an, règleman, epi règleman prezans apèl anvan ou enskri etidyan an.

Pri yo decide pou ekolaj epi frè yo pou chak etidyan ki sòti nan yon kontra ant paran/gadyen ak lekòl prive a ki elijib. Nou rekòmande paran/etidyan yo kominike ak lekòl prive a, yo pi prefere a epi di yo tout angajman yo anvan w enskri etidyan an.

Frè ki elijib:

- Frè pou sèvis akademik
- Frè pou sekirite
- Frè pou aplikasyon (Pou peye nan lane anvan lane akademik la)
- Frè pou anrejistre (Pou peye nan lane anvan lane akademik la)
- Frè pou inifòm (pyès inifòm ou achte nan men yon vandè lekòl, baze sou bezwen etidyanla)
- Frè pou liv
- Frè pou teknoloji
- Frè pou egzamen
- Frè pou espò
- Frè pou klèb ouswa òganizasyon
- Frè pou aktivite (Pa egzantp, frè pou koral ouswa djaz mizisyen)
- Frè pou gradyasyon
- Lot frè ki sipòte bezwen etidyan an

## Frè ki entèdi

- Frè pou ranmase lajan pou aktivite/donasyon/frè/frè pou volontè
- Frè pou yon lane
- Frè pou bay
- Frè ki gen rapò pou jere bousdetid la
- Frè ou bay si ou vle
- Frè pou manje
- Swen anvan ouswa apre lekòl
- Soulye epi lòt akseswa

Nòt: Kategori sa yo, si lekòl prive elijib bay yo, yo ka fè pati nan lis frè yo. Vandè epi moun ki bay sèvis sa yo pap resevwa kalifikasyon nan nivo vandè, epi yo ka voye yon fakti bay lekòl la, ajoute l nan yon lis frè pou sèvis ki pase pandan yon jounen lekòl menm jan pou vandè ki kalifye.

## Ekolaj epi Frè pou Pwogram Edikasyon Lakay yo

Lajan bousdetid yo ka sèvi pou peye ekolaj pou pwogram yo, kou yo, ouswa klas yo ofri etidyan ki aprann lakay yo. Sèvis sa yo dwe fè pati ansèyman ki baze sou definisyon yon pwogram edikasyon lakay.

[s. 1000.21](#) F.S.

(5) "Paran" vle di ouswa youn ou 2 paran yon etidyan, nenpòt gadyen yon elèv, nenpòt moun ki jwe yon wòl tankou paran pou etidyan an, ouswa nenpòt moun ki jwe yon wòl sipèvizè pou etidyan an ki pran plas yon paran.

[s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

4. Ekolaj epi frè ki gen rapò ak anpil tan ouswa mwaye tan ki enskri nan yon pwogram edikasyon lakay; yon lekòl prive ki elijib; yon inivèsite ouswa yon pwogram yon inivèsite ofri, sòf si pwogram lan sòti nan [s. 1009.25](#) F.S. ouswa ranbouse nan lwa [s. 1009.30](#) F.S.; yon pwogram aprantisaj ki dekri nan lwa [s. 446.021\(5\)](#) F.S. ki pa sijè [s. 1009.25](#) F.S. epi ki konfòme ak tout règleman yon depatman an dapre chapit 1005 F.S.; yon pwogram pou leson patikilye yo otorize anba lwa [chapter 1005](#) F.S.; yon pwogram entènèt vityèl depatman an ofri epi apwouve nan men yon vandè prive ki sou entènèt ki montre vandè a gen kalifikasyon yo dekri nan lwa [s. 1002.45\(2\)\(a\)](#) F.S.; Nan Florida Virtual School yon etidyan ki peye an prive; ouswa yon pwogram yo ofri nan entènèt dapre lwas. [s. 1003.499](#) F.S. ouswa [s. 1004.0961](#) F. S.

Yo aplike lis anba a pou yo detèmine si yon pwogram elijib pou yon pwogram edikasyon lakay pou depans pou ekolaj epi frè. Pwogram ki elijib yo dwe:

- Yon pwogram paran an chwazi ki fè pati pwogram edikasyon lakay pa li, nan ansèyman edikasyon
  - Lekòl pwive yo, lekòl entènèt yo, epi lekòl piblik ouswa lekòl Chatè (Charter School) pa konsidere yo nan pwogram edikasyon ansèyman lakay;
- Bay kou ouswa aktivite nan pwogram edikasyon lakay pou anrichi ouswa amelyore opòtinite pou yon etidyan aprann;
- Fè deskripsyon pwogram kou yo ouswa aktivite yo piblik pou moun yo gen aksè ak yo.
- Se pou gen yon owè sou ekolaj epi frè ki ka pibliye bay tmout oun;
- Ou ka gen yon pwogram fas-a-fas (li pa ka fèt nan entènèt); epi,
- Li dwe yon òganizasyon biznis (Ou pa kapab peye ekolaj e frè yo bay yon sèl moun, eksepte pou pwogram direktè rejonal yo ouswa yon moun ou chwazi ki sòti nan yon kominote pou edikasyon lakay.)

**Tout lòt ansèyman yo ki fèt fas-a-fas, ouswa li devan moun, ouswa nan entènèt, yo dwe satisfè ak règleman yo pou mwatye tan pou leson patiklye yo pou ranbouse ou ak lajan nan FES-UA.**

## Ekolaj epi Frè nan yon Enstitisyon Inivèsite ki Elijib

Ekolaj epi frè yo ki obligatwa pou enskri nan yon inivèsite, ouswa yon pwogram nan yon inivèsite ofri, FES-UA ka peye.

Invèsite ki elijib:

- Yon enstitisyon nan yon sistèm nan yon kolèj nan Florid
- Yon inivèsite leta
- Yon sant teknik nan yon distri eskolè
- Yon sant pou adil pou edikasyon jeneral nan yon distri eskolè
- Yon inivèsite ki endepandan ki elijib pou yo patisipe nan William L. Boyd, IV Effective Access to Student Education Grant Program nan lwa [s. 1009.89](#) F.S (Gen bo aksè nan yon pwogram ki bay lajan pou edikasyon pou etidyan)
- Yon inivèsite ki gen yon lisans epi ki endepandan, jan yo dekri l nan lwa [s. 1005.02](#) F.S. ki gen yon lisan pou l fonksyone nan Eta Florid la.

## Ekolaj epi Frè yo pou yon pwogram ki Apwouve pou Anvan Aprantisaj

[s. 1002.394](#) F.S.

Ekolaj epi frè yo pou sèvis yon moun ki bay leson patikilye ki travay pou mwaye tan ouswa pou sèvis ou resevwa nan men yon moun ou chwazi. Yon moun ki gen yon sètifika ki valab nan edikasyon ki sòti nan Florid, epi ki ka bay kalite sèvis sa yo dapre lwa [s. 1012.56](#) F.S., yon moun ki genyen yon sètifika ki ansanye yon sèl klas dapre lwa [s. 1012.57](#) F.S., yon moun ki gen yon diplòm ouswa yon moun ki ap travay pou metrize li nan yon sijè kote y ap bay enstriksyon, yon moun ki fè yon metrize nan yon sijè, epi ki gen konesan dapre lwa [s. 1012.56\(5\)](#) F.S., ouswa yon moun ki genyen yon sètifika ki sòti nan yon pwogram nasyonal ouswa entènasyonal kote yo rekonèt li epi fòmasyon depatman an apwouve. Tankou yo ekri nan paragaf anba a, tèms vle di, “sèvis moun bay pou leson patikilye mwaye tan” ki pa kalifye pou prezans apèl nan yon lekòl dapre lwa [s. 1003.01\(16\)\(e\)](#) F.S..

Ekolaj epi frè yo pou yon kou ansèyman ki byen òganize pou prepare yon moun 16 zan epi pi gran pou li vin apranti nan yon kou nan yon depatman yo apwouve epi yo anrejistre epi nan yon pwogram aprantisaj ki patwone nan deskripsyon lwa [s. 446.042](#) F.S.

## Ekolaj epi Frè pou Enskri nan 2 Pwogram

Etidyan yo ki resevwa FES-UA bousdetid sa a li elijib pou patisipe epi enskri nan 2 pwogram nan yon inivèsite yo apwouve. Patisipasyon nan yon pwogram bousdetid pa afekte pou ou sèvi ak lajan an, lè ou nan 2 pwogram ansanm.

## Ekolaj epi Frè yo pou Pwogram Prive pou Leson Patikilye

Ekolaj epi frè yo ki obligatwa pou enskri nan yon Pwogram Prive pou Leson Patikilye, dapre otorizasyon nan lwa [s.1002.43](#)F.S yo ka kouvri frè yo.

Règ ki apwouve pou Leson Prive Patikilye pou moun ki travay anpil tan:

- Moun ki bay leson patikilye a dwe genyen yon sètifika nan ansèyman ki sòti nan Florid pou klas etidyan rive nivo 3, yo. Pou klas etidyan rive nan nivo 3, yo konsidere 720 è pou moun ki bay leson patikilye epi travay anpil tan nan yon lane lekòl.
- Pou klas nivo 4 rive 12, travay anpil tan se pou moun ki bay leson patikilye yo, yo konsidere 900 è (se menm bagay si moun nan te anseye pou 180 jou)
- Yon moun ki vle bay leson patikilye ki entèrese pou bay sèvis sa yo, dwe montre legalman kijan y ap swiv lwa yo, ki enkli, règleman pou prezans apèl, kijan yo remèt fòm W9 bay SFO pa li, anvan yo resevwa lajan pou edikasyon ESA a, epi chak lane apre sa. FLDOE ka kreye yon fòm ki vin inifòm pou tout moun epi ki montre ki jan ou swiv règ sa yo.

Yon moun ki bay leson patikilye epi ki travay anpil tan ki ap resevwa lajan nan men FES-UA pa kapab travay ak plis ke 5 etidyan pandan yon leson. Men, yon moun ki bay leson patikilye prive ka travay rive jiska 25 etidyan si yo swiv règ yo:

Yon moun ka bay leson patikilye pa plis ke 25 etidyan nan nenpòt kay ki gen anpil etaj ak yon sètifika nan yon lokal ki valab, bibliyotèk, sèvis kominote, mize, pèfome, teyat, sinema, ouswa yon establisman nan yon legliz, nan nenpòt establisman an, yon tè, ouswa nenpòt tè sistèm enstitisyon Kolej Florid posede; nan nenpòt enstitisyon piblik ki menm jan; nan nenpòt establisman kote yo te fèk fè yon lekòl ouswa yon establisman ki gen lisans daprè lwa [s. 402.305](#) kote yo pran swen etidyan piti, anndan yon zòn ki egziste epi ki te dekoupe, epi bi/objektiv ki fè pati de yon plan pou devlope yon kominote nan yon establisman san ou bezwen jwenn yon zòn eksepsyon espesyal dekoupe, zòn dekoupe, yon tè yo chanje si leson patikilye ki satisfè kondisyon tout sante nan eta a epi lokal ki aplike, sekirite, epi lwa pou byennèt, kòd yo, epi règ, enkli sekirite dife epi sekirite kay ki gen anpil etaj.

## Ekolaj epi Frè pou Sèvis Leson Patikilye lè ou Travay Mwatye tan ouswa Frè pou Sèvis Navigatè pou ede w chwazi.

[s. 1002.394](#) F.S.

**Navigatè pou ede w chwazi gen menm definisyon ki genyen nan lwa [s. 1002.395\(2\)](#) F.S.**

“Choice navigator” vle di yon moun ki satisfè kondisyon yo nan paragaf anba a (6) (d) 4.h. epi ki bay konsèy nan yon lokasyon tout moun dakò, pou yo chwazi pou aplike epi enskri nan yon pati ki gen opsyon nan edikasyon ki adrese bezwen akademik yon etidyan; chwazi yon leson patikilye; epi bay konsèy sou karyè epi sou opòtinite pou edikasyon nan nivo inivèsite. Men, pagen anyen nan seksyon sa ki otorize yon “choice navigator” pou sipèvize ouswa gen kontwòl sou leson patikilye ouswa pwogram akademik pou yon pwogram edikasyon pèsònèl.

Ekolaj epi Frè pou leson patikilye, ouswa frè pou sèvis “Choice Navigator” kapab sòti nan lajan FES-UA. Leson mwatye tan enkli ekolaj epi frè yo pou sèvis yo bay yon moun ki satisfè kondisyon omwen youn nan kritè anba a:

- Moun ki genyen yon sètifika nan edikasyon ki sòti nan eta Florid ki valab
- Moun ki genyen yon sètifika pwofesyonèl ofisyèl sou ansèyman yo bay nan yon lòt eta
- Yon fòmasyon ki baze sou rechèch rekonèt nan nasyon an ouswa entènasyonal ki sètifye ke yon depatman apwouve
- Moun ki genyen yon sètifika ki anseye yon sèl klas
- Moun ki genyen yon diplòm ouswa metriz nan yon sijè pou ansèyman
- Moun ki genyen yon sètifika valab sòti nan yon komite nasyonal pou ansèyman ki infòm “Board for Professional Teaching Standards (NBPTS)” ouswa Komite Ameriken ki sètifye pwofesè ki ekselan yo “American Board for Certification of Teacher Excellence (ABCTE)”
- Moun ki genyen yon rapò ofisyèl ak nòt FTCE bay ki montre li te reyisi nan egzamen ke yo te pran nan Florid nan yon sijè epi ki paka plis ke 10 zan
- Genyen yon rapò ofisyèl ak nòt ki pa ka plis ke 10 zan, ki pase yon nivo avanse nan egzamen oral epi nan egzamen ekri nan yon lang etranje nan yon sijè (ki pa enkli Franse, Alman, ouswa Espanyòl) konsil Ameriken sou anseyman nan yon lang etranje bay “American Council on the Teaching of Foreign Language (ACTFL).”
- Genyen yon fòm yon distri eskolè nan Florid bay epi distri eskolè a siyen ki montre lè yon moun pa bezwen yon egzamen nan yon sijè, men moun nan ka montre li gen konpetans nan matyè yon sijè epi nan kondisyon espesyal yo.
- Pou yon sijè ki mande yon metriz ouswa yon degre ki pi wo (pa egzanz nan Lekti) se pou ou montre yon rapò ak nòt ki montre ou reyisi nan yon sijè nan yon egzamen nan Florid (ki pa plis pase 10 zan) epi yon papye ki rele “Statement of Status of Eligibility (SOE)” ki valab ke biwo pou Sètifikasyon pou Ansèyman bay pou montre si yon pwofesè elijib pou yon sètifika pou yon ti bout tan ouswa yon Sètifika Pwofesyonèl.

Yon “Choice Navigator” se yon pwofesyonèl ki satisfè yon kondisyon ki kalifye pou yon moun ki bay leson patikilye nan mwatye tan (anwo a) epi ki bay konsèy nan yon kote tou de moun yo dakò, lè ou chwazi epi aplike pou yon bagay, epi enskri nan chwa yo ba ou nan pwogram edikasyon ki adrese bezwen akademik yon elèv; chwa leson detaye; bay konsèy sou karyè, epi sou opòtinite pou edikasyon nan nivo inivèsite. Yon “Choice Navigator” pa ka gen kontwòl sou leson detaye a ouswa pwogram akademik yon etidyan.



## Ekolaj epi Frè yo pou yon Vandè ki Apwouve nan Entènèt ouwa yon Vandè Vityèl

Ekolaj epi frè yo ki obligatwa pou enskri ak yon vandè ki elijib nan entènèt ki kouvri anba lajan nan FES-UA.

Vandè ki apwouve pou entènèt enkli:

- Yon vandè prive ke yo apwouve anba lwa [s. 1002.45\(2\)\(a\)](#) F.S..
- Yon pwogram Florida Virtual School (FLVS) ofri kote etidyan ki elijib pou enskri tankou yon etidyan ki peye an prive. (Nòt: Si yon etidyan enskri nan FLVS tankou yon etidyan nan lekòl piblik, y ap konsidere etidyan sa se yon etidyan ki sòti nan lekòl piblik epi ki elijib pou FES-UA)
- Yon pwogram entènèt ki apwouve epi yo ofri dapre lwa [s. 1003.499](#) F.S. ouwa [1004.0961](#) F.S.

Depatman Edikasyon nan Florid genyen otorite pou yo apwouve kategori sa yo. Depatman Edikasyon nan Florid pibliye epi genyen yon lis vandè yo apwouve pou bay sèvis nan entènèt dapre lwa anwo a. Ou ka jwenn lis vandè sa yo nan entènèt nan [Pwogram Enstriksyon Viryèl Depatman Edikasyon Florid apwouve](#).

## Ekolaj epi Frè yo pou yon Etidyan ki Peye an Prive pou Lekòl nan Entènèt

Ekolaj epi frè ou dwe genyen pou enskri tankou yon etidyan ki peye an prive nan yon lekòl entènèt yo apwouve, epi ki kouvri nan lajan FES-UA a. Etidyan k ap sèvi ak Florida Virtual School (FLVS) dwe enskri tankou yon etidyan ki peye an prive. Si yon etidyan enskri nan FLVS epi yo peye pou li tankou yon etidyan nan lekòl piblik, etidyan an ap pèdi estati elijib li epi lajan FES-UA a. Pou plis enfòmasyon sou kijan pou sèvi ak bousdetid FES-UA a pou peye pou FLVS lè ou enskri, ou ka vizite sit [FLVS website for school choice scholarships](#).

## FRÈ POU EGZAMEN KI INIFÒM POU TOUT MOUN

[s.1002.394 \(4\)\(b\)](#) F.S.

5. Frè nasyonal ki inifòm pou tout moun, nòm egzamen, (norm-reference achievement) Egzamen pou klas ki pi avanse, egzamen pou sètifika endistri, egzamen pou inivèsite, ouwa lòt kalite evalyasyon.

Frè ki gen rapò ak egzamen ki inifòm ouwa egzamen ki kouvri nan lajan FES-UA yo.

Egzamen ki inifòm ouwa evalyasyon enkli:

- Nasyonal epi eta inifòm, nòm evalyasyon nòm
- Egzamen pou klas ki pi avanse
- Egzamen pou sètifika pou endistri
- Evalyasyon pou tranzisyon
- Evalyasyon ki gen rapò ak edikasyon nan inivèsite
- Fè evalyasyon sou karyè epi enterè/ sa moun pi renmen fè
- Evalyasyon ki fèt anvan ouwa yon evalyasyon ki refè
- Lòt evalyasyon ki ka elijib ak otorizasyon ou mande davans

# KONTRIBISYON POU INIVÈSITE KI APWOUVE POU KONT EPAY

Lyen sa ka mennen w nan yon sit entènèt ki dekri diferan eleman ou ka chwazi nan Florida Prepaid College (Peye Kolèj Davans nan Florid) <https://www.myfloridaprepaid.com/resources/prepaid-vs-savings/>

[s.1002,394\(4\)\(b\)](#), F.S.

6. Kontribisyon yo bay nan yon pwogram yo rele “The Stanley G. Tate Florida Prepaid College Program” dapre lwa [s. 1009.98](#) ou swa “The Florida College Savings Program” (Pwogram Kont Epay pou Kolè nan Florid) dapre lwa [s.1009.981](#) ki pou benefisye etidyan ki elijib.

[s.1009.98](#) F.S.

(1)STANLEY G. TATE FLORIDA PREPAID COLLEGE PROGRAM (STANLEY G. TATE PEYE POU KOLÈJ DAVANS NAN FLORID); CREATION. Yo kreye Stanley G. Tate Florida Prepaid College Program pou jwenn yon jan moun ka peye pou anrejistre yon etidyan epi pou dètwa anvan yo enskri nan yon inivèsite eta nan yon pri ki pa pase pri moun ta kapab peye si yo te tann egzateman lane yo enskri a. Y ap mete pèman sa yo ansanm epi investi l nan yon fason k ap mennen, nan yon minimòm, sifi enterè pou rejenere diferans ant kantite lajan ou te mete nan kont pwogram nan ak pri pou anrejistre etidyan an epi pou dètwa a, ak lè ou aktyèlman enskri etidyan an. Pou etidyan ki enskri nan yon inivèsite eta dapre seksyon lwa sa a, yo pap mande frè ki pi plis pase deskripsyon pri yo te ekri nan kontra peye davans lan.

Kontribisyon yo bay nan yon pwogram yo rele “Stanley G. Tate Florida Prepaid College Program” dapre lwa [s. 1009.98](#) , Lwa Florid yo, ou swa “Florida College Savings Program” dapre [s. 1009.981](#), Lwa Florid yo pou benefisye etidyan ki elijib kouvri nan.

## Stanley G. Tate Pwogram Peye pou Kolèj/Inivèsite Davans nan Florid

Plan sa yo elijib pou kontribisyon:

- Plan pou 1-Lane pou Inivèsite
- Plan pou 4-Lane pou Inivèsite
- Plan pou 2 -zan pou Kolèj
- Plan pou 4- lane pou Kolèj
- 2+2 Florida Plan (Plan pou Florid)
- Plan pou Dètwa

Bagay ou pa kapab fè ak kontribisyon nan FES-UA bousdetid nan Stanley G. Tate Florida Prepaid College Fund aplike sou sa ki nan lis anba a:

- Kontribisyon ka fèt sèlman sou non yon etidyan ki elijib pou FES-UA bousdetid la.
- Moun ki responsab kont lan pa kapab chanje benefisyè sekondè a nan yon kont ki genyen lajan pou bousdetid la.
- Nenpòt kontribisyon prive, ki nan kont lan pral sèvi pou peye pou plan pou benefis yo anvan ou sèvi ak lajan bousdetid la.
- Si yon Kont pou Kolèj pou Peye Davans fèmèn, lajan an ap retounen nan kont bousdetid la ki louvri ak tout enterè ki ogmante, ouswa bay leta Florid la si bousdetid la te fèmèn ouswa pral fèmèn.
- Si kont yon etidyan pou bousdetid la fèmèn pou nenpòt rezon, lajan nan bousdetid etidyan an kote kontribisyon yo te fèt nan kont pou kolèj peye davans, bousdetid la ap retounen bay Leta Florid.

Kontribisyon nan yon kont Stanley G. Tate Florida Prepaid College Program dwe peye nan lajan pa w epi y ap ranbouse paran an. Pa gen opsyon pou peye dirèk nan kont Florida Prepaid Accounts (kont pou kolèj peye davans).

## Pwogram Kont Epay pou Kolèj Nan Florid

[s. 1009.981](#) F.S.

Pwogram Kont Epay pou Kolèj

(1)(a) Komite Konsèy pou Peye Kolèj Davans gen otorite pou yo kreye, etabli, epi administre Pwogram Kont Epay pou Kolèj la pou ankouraje epi amelyore edikasyon nan yon inivèsite pou yon pri abòdab nan eta a epi bay moun pèmasyon pou yo kontribye lajan yo mete ansanm epi yo envèsti pou peye depans yon inivèsite pou yon benefisyè yo dezinye.

Bagay ou pa kapab fè ki aplike sou kontribisyon bousdetid la .

- Kalite kont lan dwe yon Uniform Transfers to Minors Act (UTMA) or Uniform Gifts to Minors Act (UGMA). Sit anba a gen deskripsyon 2 kont yo. (Lwa sou transfè ki inifòm pou tout timoun ousw lwa sou kado yo ka bay ki inifòm pou tout timoun)  
<https://www.savingforcollege.com/article/what-is-an-ugma-or-utma-account>
- Moun ki responsab kont lan pa kapab chanje benefisyè a nan yon kont ki genyen lajan pou bousdetid la.
- Si genyen kontribisyon prive nan kont lan, li pral sèvi pou peye pou plan pou benefis yo anvan yo sèvi ak lajan bousdetid la.
- Si yon kont ki rele Florida 529 College Savings fèmèn, lajan an ap retounen nan kont bousdetid la ki louvri ak tout enterè li te ogmante a, ouswa bay leta Florid li si bousdetid la te fèmèn ouswa pral fèmèn.
- Si kont yon etidyan pou bousdetid la fèmèn pou nenpòt rezon, nenpòt lajan ki nan kont 529 College Savings etidyan an atravè bousdetid la, pral retounen bay Leta Florid.
- Si yon etidyan gen yon plan Florida 529 College Savings ki egziste, lajan bousdetid la pral jere nan yon kont separe de lajan nan kont prive yo envèsti a.

Nòt: Menm si lajan 529 yo elijib pou peye pou depans pou lekòl prive, pou rive 10,000 dola (\$10,000), lajan FES-UA pa kapab sèvi pou yon lekòl prive ki pa nan lis FES-UA pou lekòl prive ki elijib. [https://  
https://www.myfloridaprepaid.com/savings-plan/faqs/](https://www.myfloridaprepaid.com/savings-plan/faqs/)  
Kontribisyon nan kont 529 dwe fèt ak kontribisyon dirèk sòti nan lajan bousdetid yo. Kontribisyon pakap fèt ak lajan w epi pou ranbouse paran an.

## SÈVIS KONTRA YON LEKÒL PIBLIK BAY OUSWA YON DISTRI ESKOLÈ

[s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

7.Sèvis nan kontra yon lekòl piblik ouswa yon distri eskolè bay ki enkli klas yo. Yon etidyan ki resevwa sèvis ki anba kontra nan paragraf anba sa a, pa konsidere enskri nan yon lekòl piblik ki elijib tankou yo ekri nan seksyon (6) men olye de sa, li kapab al nan yon lekòl piblik pou mwatye tan ki baze epi otorize anba lwa [s. 1002.44](#) F.S..

Sèvis nan kontra yon lekòl piblik ouswa yon distri eskolè, ouswa yon lekòl chatè (charter school) bay, kouvri nan FES-UA.

Yon moun ki resevwa yon bousdetid nan yon lekòl piblik pou pran kou yo, patisipe nan diferan pwogram (enkli pwogram apre lekòl, aktivite andeyò pwogram detaye, pwogram siplemantè, ouswa pwogram pandan ete yo) ouswa pran sèvis ki sòti nan yon lekòl piblik (ki enkli lekòl chatè yo (charter schools) epi Florida Virtual School), si yon etidyan fè kontra pou klas/sèvis yo, kote yo peye an prive.

Paran/gadyen a ka peye pou sèvis yo epi mande pou yo ranbouse l, ouswa distri eskolè a ka chwazi pou yo peye l dirèkteman tankou yon vandè.

Pa gen kondisyon pou distri piblik ouswa lekòl chatè (Charter School) yo, ouswa distri eskolè yo, pou fè kontra pou sèvis ak yon moun ki gen yon bousdetid ouswa pou kreye yon kont pou pèman tankou yon vandè. Lekòl piblik epi/ouswa distri yo ka chwazi si yo vle patisipe.

Yon etidyan ki resevwa sèvis sou kontra nan paragraf anba sa a, yo pap konsidere l enskri nan yon lekòl piblik pou montre li elijib pou bousdetid la. Men, si distri a bay rapò sou etidyan an pou lajan pou FTE ouswa nenpòt lòt lajan ki sòti nan men leta a, etidyan an pap elijib pou FES-UA.

## FRÈ POU PWOGRAM ESPESYAL POU EDIKASYON PANDAN ETE

[s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

9. Frè pou pwogram espesyal pou edikasyon pandan ete.

Frè pou pwogram espesyal pou edikasyon (ouswa nenpòt lòt pwogram pandan vakans ki inifòm pou tout lekòl) ki satisfè kritè yo elijib epi kouvri nan FES-UA. Mo “espesyal” vle di yon pwogram yo devlope espesyalman pou etidyan yo ki gen bezwen espesyal ouswa yon pwogram ki ka satisfè bezwen etidyan an.

- Yo pèmèt kan edikasyon dòmi/leve ouswa kan pa jou yo, ak otorizasyon lè ou mande davans.
- Yo dwe bay SFO frè yo ki pibliye anvan ou resevwa nenpòt lajan nan men FES-UA.
- Ou dwe montre yon prèv prezans pou yo ranbouse w.

## FRÈ POU PWOGRAM EDIKASYON ESPESYAL APRÈ LEKÒL

[s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

10. Frè pou pwogram edikasyon espesyal apre lekòl.

Frè pou pwogram edikasyon apre lekòl ki satisfè kritè yo epi ki elijib, kouvri nan FES-UA. Mo “espesyal” la vle di yon pwogram ki devlope pou etidyan ki gen bezwen espesyal ouswa yon pwogram ki ka satisfè bezwen etidyan an.

Yo dwe bay SFO frè yo ki pibliye anvan ou resevwa nenpòt lajan nan men FES-UA. Ou dwe montre yon prèv prezans. Pou etidyan ki gen 16 zan epi ki pi gran, yo pèmèt yon jou antye ouswa mwatye jou ak otorizasyon davans.

# SÈVIS POU TRANZISYON

[s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

(16) PWOGRAM YO RELE “TRANZISYON POU TRAVAY.” Yon etidyan ki andikape epi yo detèmine ki elijib dapre paragraf

(3) (b) ki gen omwen 17 tan, men pa pi gran pase 22 zan epi ki pa resevwa yon diplòm nan lekòl segondè ouswa yon sètifika ki montre li fini, elijib pou enskri nan pwogram prive pa li ki patisipe nan pwogram tranzisyon pou travay la. Yon pwogram tranzisyon pou travay, gen asèyman akademik, travay nan fòmasyon pou amelyore kapasite, ouswa yon eksperyans volontè ouswa travay pou lajan.

(a) Pou ofri yon pwogram tranzisyon pou travay, yon lekòl prive ki patisipe dwe:

1. Devlope yon plan pou tranzisyon pou travay, ki dwe enkli yon deskripsyon yo ekri sou ansèyman akademik yo epi fòmasyon kapasite pou travay etidyan yo, ap resevwa epi bi pou etidyan ki nan pwogram lan.
2. Bay plan tranzisyon pou travay la nan “Office of Independent Education and Parental Choice” (Ofis pou Edikasyon ki Endepandan epi Chwa pou Paran) epi konsidere tout konsèy epi gid depatman bay dapre paragraf 8(d) ki gen rapò ak plan an.
3. Devlope yon plan pou chak moun pou tranzisyon pou travay la pou etidyan ki enskri nan pwogram nan. Paran etidyan an, etidyan an, epi direktè pwogram nan dwe siyen yon plan pou chak moun. Yo dwe bay yon plan pou chak moun epi bay li nan “Office of Independent Education” epi “Parental Choice” lè ofis la mande pou li. (Ofis pou Edikasyon ki Endepandan epi Chwa pou Paran)
4. Bay yon papye legal ki libere w de responsabilite ke paran etidyan an, etidyan an, epi yon reprezantan yon biznis siyen ki ofri yon eksperyans volontè ouswa pou lajan.
5. Mande yon direktè ki swiv ka yo ouswa yon antrenè travay, pou li vizite travay etidyan an chak semèn pou siveye etidyan an, epi, si l nesèsè, bay sipò epi gide etidyan an.
6. Bay paran epi etidyan an yon rapò chak 3 mwa ki dokimante epi eksplike jan etidyan an ap pwogrese epi kijan l ap degaje l nan pwogram nan.
7. Kenbe yon dokiman prezans apèl ki regilye epi ki bay prèv sou kijan etidyan an ap degaje l.

(b) Yon etidyan ki enskri nan yon pwogram tranzisyon pou travay dwe genyen pa pi piti:

1. Resevwa 15 zè ansèyman nan lekòl prive a kap patisipe epi ki nan yon lokal ki fizik, ki gen ansèyman akademik, epi fòmasyon pou travay pou amelyore konpetans.
2. Patisipe nan 10 zè eksperyans nan travay etidyan an ouswa tankou volontè ouwa le yo peye.

(c) Pou patisipe nan yon pwogram pou tranzisyon pou travay, yon biznis dwe:

1. Kenbe yon dokiman regilye ki bay prèv sou kijan etidyan an ap degaje l epi konbyen lè li travay epi bay enfòmasyon sa yo nan lekòl prive a kap patisipe nan pwogram nan.
2. Respekte tout lwa leta a epi federal sou travay etidyan yo.

# SÈVIS TRANZISYON KE ANTRENÈ TRAVAY A BAY

[s.1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

11. Sèvis tranzisyon ke antrenè a bay pou travay. Sèvis tranzisyon se yon gwoup aktivite ki koòdone epi ki konsantre sou kijan pou yo amelorye reyalizasyon akademik pou yon etidyan ki andikape pou fasilite mouvman etidyan an sòti nan lekòl pou l rive nan aktivite apre lekòl baze sou bezwen etidyan.

Sèvis tranzisyon ki antrenè travay yo bay pou etidyan yo, laj 12 zan rive 22 elijib pou ranbouse.

Antrenè pou travay yo:

- Lekòl prive a ka anplwaye yon moun nan yon pozisyon antrenè travay.
- Distri eskolè a ka anplwaye yon moun nan pozisyon antrenè travay.
- Yon ajans ki gen kalifikasyon kapab anplwaye yon moun, tankou:
  - [Vocational Rehabilitation](#) (Reyabilite pou ede moun tounen nan travay)
  - [Agency for Persons with Disabilities](#) (ajans pou moun ki andikape)
  - [Career Source](#) (Resous pou Karyè)
  - [Florida Centers for Independent Living](#) (Sant pou viv endepandan nan Florid)
- Satisfè kritè/fòmasyon pou [Florida Association of Rehabilitation Facilities](#) (Asosasyon pou reyabilitasyon nan Florid)
- Gen [Association of Community Rehabilitation Educators](#) (ARCE) sètifikasyon. (Asosasyon Edikatè kominote reyabilitasyon)
- Gen [Association of People Supporting Employment First](#) (APSE) sètifikasyon (Asosasyon pou moun ki sipòte travay an premye)
- Gen [Institution for Community Inclusion](#) sètifikasyon. (Enstitisyon pou Kominote pou tout moun)
- Vin yon [Employment Specialist Vendor for Vocational Rehabilitation](#) (Espesyalis ki anplwaye vandè pou reyabilitasyon)

Kalite sèvis tranzisyon yon antrenè pou travay bay:

- Fè yon evalyasyon sou karyè epi enterè
- Pran desizyon pou pwòp tèt ou/fòmasyon pou aprann kijan pou defann pwòp tèt ou
- Yo ka anplwaye w/ edikasyon sou konpetans ou bezwen pou travay
- Devlopman travay
- Fòmasyon pou travay
- Konpetans pou devlope abilite pou patisipe nan yon entèvyou epi sipò, èd pou prepare pou yon entèvyou epi apre entèvyou a, devlopman pou ekri rezime
- Antrenè pou travay nan yon lokal
- Sipò ou swiv pou kenbe travay ou
- Siveyans epi fè fòmasyon resiklaj pou chanjman nan travay la
- Plan pou benefis epi aprann li nan liv sou sèvis finans yo (pa egzanp, lè ap travay ak yon etidyan pou yo konprann kijan SSI benefis epi revni yo peye w ki afekte travay ou)
- Sèvis pou defann (pa egzanp lè w ap travay sou pwoblèm benefis, sosyal sekirite, epi fè sèvis pou transpòtasyon pi fasil)
- Chèche Karyè

- Konsèy sou karyè
- Pwogram ansanm ak plizyè sèvis kote fòmasyon pou travay ak antrenè a fè yon pati regilye nan pwogram nan

Moun ki patisipe nan bousdetid yo dwe chèche tout resous leta a genyen ki enkli nan [Pwogram pou Tranzisyon VR](#) epi èd finansye. VR ede etidyan ki andikape nan lekòl sekondè ki etabli yon òganizasyon pou yon tranzisyon san pwoblèm pou fòmasyon pou chak moun, edikasyon, epi pou anplwaye. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram pou Tranzisyon VR, vizite nan <https://www.rehabworks.org/>

## FRÈ POU EVALYE EDIKASYON LAKAY CHAK ANE

[s.1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

12. Frè pou yon evalyasyon pou montre pwogrè nan edikasyon yon pwofesè ki sètifye ekri anba lwa [1002.41\(1\)\(f\)](#), si ou chwazi opsyon sa a pou yon etidyan nan yon edikasyon lakay.

Frè pou yon evalyasyon pou montre pwogrè nan edikasyon lakay obligatwa anba lwa [s. 1002.41\(1\)\(f\)](#), F.S., kouvri nan “Family Empowerment Scholarship” (Pouvwa pou Fanmi ki gen Bousdetid)

Metòd pou evalyasyon ki elijib enkli:

- Evalyasyon pwogrè pou yon etidyan lè yo gade liv li ki montre siksè l epi diskisyon ak yon etidyan yon pwofesè fè ki gen yon sètifika ki valab pou anseye sijè akademik nan nivo elemantè ou swa segondè.
- Yon pwofesè ki sètifye ki ka bay nenpòt egzamen nòm nasyonal

## EKOLAJ EPI FRÈ POU YON VANDÈ YO APWOUVE KI GEN YON PWOGAM VPK (PRESKOLE), YON VANDÈ KI APWOUVE POU YO PREPARE PRESKOLÈ POU LEKÒL, OUSWA YON LEKÒL PRIVE KI ELIJIB

[s.1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

13. Ekolaj epi frè ki asosye ak pwogram ki rele “Voluntary Prekindergarten Education Program” (Pwogram Edikasyon Volontè pou Preskolè) ki vandè ofri epi ki apwouve dapre lwa s. 1002.55, pou vandè ki preskolè yo ki apwouve dapre lwa [s. 1002.88](#), epi yon lekòl prive ki elijib ki ofri yon pwogram preskolè.



Yo ankouraje fanmi pou kontakte “Early Learning Coalition” (Òganizasyon ki bay sipò nan lekòl timoun preskolè yo pou yo gen yon environman kote yo ka aprann) pou enfòmasyon sou VPK ouswa School Readiness Providers ki elijib. Kategori sa a enkli ekolaj epi frè pou bezwen edikasyon etidyan an epi ki kouvri yon pwogram pou tout jounen. VPK epi School Readiness (preskolè) pa kapab resevwa yon fakti nan men yon lekòl prive ki elijib.

Frè ki elijib yo:

- Frè pou aplikasyon (yo ka peye nan lane anvan lane akademik la)
- Frè pou anrejistre (yo ka peye nan lane anvan lane akademik la)
- Frè pou inifòm (ou ka achte yon pati inifòm nan men yon vandè ki obligatwaman)
- Frè pou liv
- Frè pou teknoloji
- Frè pou gradyasyon

Frè ki entèdi:

- Frè ou ranmase pou yon fon/Frè pou donasyon/Frè volontè gratis
- Frè pou bay
- Frè ki asosye pou jere bousdetid la
- Frè pou opsyon yo
- Frè pou gadri yo

## CHEVAL KI EDE NAN TERAPI

[s.1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

14. Frè pou sèvis yo bay nan yon sant ki fè pati yon asyosasyon ki rele “Professional Association of Therapeutic Horsemanship International (PATH).” (Asosasyon Pwofèsyonèl Entènasyonèl ki sèvi ak Cheval ki ede Moun ki nan Terapi)

FES-UA kouvri frè pou terapi ki sèvi ak cheval.

Kategori sa enkli frè pou sèvis yo bay nan yon sant ki manm nan yon [Professional Association of Therapeutic Horsemanship International \(PATH\)](#). Yo dwe bay yon sètifika PATH pou sant lan sèlman. Pa gen okenn moun ki travay nan sant lan ki ka gen sètifika sa a.

## TERAPI POU MIZIK EPI DESEN

[s.1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S.

15. Frè sèvis terapèt bay ki sètifye nan “Certification Board for Music Therapists” Komite ki sètifye terapèt pou mizik) ouswa moun ki gen lisans ki sòti nan men “Art Therapy Credentials Board, Inc.” Komite ki bay kalifikasyon pou terapi pou desen.

Terapi pou mizik epi desen kouvri nan FES-UA. Kategori sa a enkli frè pou sèvis yon terapèt bay ki sètifye nan men, [Komite ki Sètifye Terapèt pou mizik](#) ouswa kalifikasyon ki sòti nan men, [Komite ki bay kalifikasyon pou terapi pou desen](#).

## (2024-2025 Pouvwa Fanmi ki gen Bousdetid – ki gen Abilite ki Diferan/Fanmi Sondaj pou Fidbak 2024-2025)

Nan 2024, anba lwa, [s. 1002.394\(4\)\(b\)](#) F.S., yon sant yo rele “Florida Center for Students with Unique Abilities nan University of Central Florida” te gen responsibilite pou yo devlope FES-UA gid pou achte sa a. The Florida Center for Unique Abilites nan University of Central Florida ap pale ak fanmi yo chak lane ki gen rapò ak eksperyans lè y ap sèvi ak FES-UA bousdetid yo. Konvèsasyon yo ap enkli fidbak ki sòti nan Family Advisory Boards (Komite Fanmi ki bay Konsèy) nan chak SFO, y ap mande pou enfòmasyon nan sondaj fanmi epi lòt kalite fidbak.

Paran ki vle bay fidbak ka gen aksè sondaj la nan sit sa a:  
[https://ucf.qualtrics.com/jfe/form/SV\\_e4jhyka1LUWC7eS](https://ucf.qualtrics.com/jfe/form/SV_e4jhyka1LUWC7eS).

# Apendis A

## Rezime ki Entèdi ouswa Atik ki pa Elijib yo:

Atik ki Entèdi Enkli, men yo pa depann sou lis sa sèlman:

- Nenpòt aktivite ki pase andeyò eta Florid la ki pa otorize davans
- Kat pou chak lane ouswa pou admisyon nan yon pak pou amizman ouswa yon plas piblik chak lane ki pa nan seksyon pou pak yo, pak dlo, epi nenpòt pak ki pa nan eta a
- Kat pou lane pou admisyon nan plas piblik ouswa pak pou amizman ki pa nan lis seksyon plas ouswa pak la
- Nenpòt atik ouswa sèvis ki ka yon menas pou yon etidyan epi lòt moun ki ankouraje vyolans ouswa yon konpòtman kriminèl
- Nenpòt atik etidyan ki gen bousdetid la ki pa satisfè laj moun manifakti rekòmande
- Kote gen jwèt videyo ouswa vizit yo
- Revolvè, manchèt, kouto, epi atik ak manchèt ouswa kouto (eksepte sizo, zouti pou matematik, ouswa ekipman pou fè manje
- Jwèt deyò pou etidyan an ponpe
- Biznis, pòtab, epi Starlnk RV sèvis entènèt
- (Zouti ki fèt ak fè di/ ekipman
- Kat pou konsè (eksepte pou pyès teyat, teyat ak mizik ouswa pèfomans okès)
- Depans sou kote ou rete (enkli, rete nan otèl ouswa manje)
- Depans pou transpòtasyon (enkli gaz, kantite kilomèt, ouswa transpòtasyon piblik)
- Depans deyò pou peye pou pwomnad epi plas piblik (ki enkli otèl, pakin/kote ou mete machin ou epi kès.bwason, fotograf ouswa souvni, aksè ki pi chè pou admisyon nan yon kote, epi kat pou nenpòt evenman) Nòt: Frè pou pwomnad yo ka peye pou yon lekòl prive ki elijib ouswa pou yon pwogram pou edikasyon lakay ka bay anba kategori “Pwomnad” ouswa li ka fè pati ekolaj epi frè yo.
- Twous enskripsyon pou edikasyon ki pa apwopriye pou laj epi gwosè pou yon etidyan
- Manm pou yon fanmi pou fè pati yon klèb espo, YMCA yo, bibliyotèk, mize, ouswa lòt etablisman
- Fanmi ouswa abònman pou plizyè moun (lè gen yon enskripsyon pou yon sèl moun)
- abònman pou jwèt videyo ouswa entènèt
- Zouti pou jaden ki sèvi ak gaz ouswa elektrisite
- Pri pou gwoup rantre/admisyon, ouswa lokasyon
- Atik pou kay, ki pa fè pati nan founiti pou fè manje epi atik nan lis “Mèb pou Klas Lakay”
- Kay/manje pou bèt ki vivan
- Klisad ou anfle
- Pisin andan tè ouswa sou tè a ouswa basen dlo souke/rezèvwa
- Bèt vivan
- Atik medikal ki enkli aparèy pou ede moun mache, aparèy pou tandè, lantiy kontak, linèt san preskripsyon, epi preskripsyon pou linèt solèy (eksepte pou yon pè linèt ak preskripsyon chak lane
- Ekipman pou egzesis ak motè (eksepte aparèy pou mache epi kouri ouswa kousen pou mache)

- Ti motosiklèt ouswa bagay ou ka monte (ak machin pou gòf yo)
- Ekipman ak motè yo, men li pa limite sou 2, 3, ouswa 4 aparèy ak wou
- Plant pou dekore (touf, jaden, plant pou kay)
- Televizyon pou deyò/yon teyat deyò ki ka anfle)
- Tab biya yo
- Jwèt nan pisin/bagay ki anfle/ eksepte pou planch ou bay kout pye
- Mache dezyèm men/ kat pou revann
- Pri pou yon sèl moun pou admisyon nan yon evenman, enkli ekipman pou lokasyon (eksepte sesyon pou bolin, pak tranplen, ouswa paten sou glas)
- Kat pou evenman espesyal (pa egzanp, evenman pou sezon ouswa ki fèt ta) nan yon pak pou amizman nan Florid)/plas piblik
- Ekolaj espesifik epi frè nan yon lekòl prive ki elijib ouswa yon vandè pou pwogram preskolè
  - Frè chak lane
  - Swen anvan epi aprè lekòl
  - Depans pou jere bousdetid la
  - Frè pou manje (manje midi)
  - Frè pou ranmase lajan pou yon fon/Frè pou donasyon/Frè gratis pou volontè
  - Frè pou bay
  - Frè ki pou opsyon
  - Soulye epi akseswa
  - Frè pou gadri
- Kat pou evenman pou espò
- Tranplen yo (eksepte pou tranplen pou yon sèl moun)
- Aparèy sou dlo (Eksepte pou kayak, kannòt, ti planch pou dlo, planch ki long pou dlo, planch ak pedal)

## Apendis B

### Atik ki mande Otorizasyon Davans:

- Kan pou edikasyon dòmi/leve ouswa kan ak prèv ki montre benefis pou edikasyon
- Plizyè menm kalite mèb ki nan yon lekòl nan kay ki plis ke 50 dola (\$50)
- Plizyè menm aparèy ki konekte ak yon odinatè pou fè l mache pi byen ki pase pliske 50 dola (\$50)
- Plizyè menm atik ou chwazi ki pase pliske 50 dola (\$50)
- Aparèy pou ede moun ke yo pa mete nan gid sa a
- Ekipman egzèsis pou moun ki andikape
- Aktivite pou edikasyon fizik k ap pase deyò eta Florid la
- Pwogram detaye ki pa disponib pou tout moun
- Pwogram edikasyon yon jou antye ouswa mwatye jou pou etidyan ki gen 16 zan epi plis
- Televizyon ki plis pase 55 kilomèt
- Frè ki gen rapò ak egzamen ki inifòm pou tout moun ouswa egzamen yo pa mete nan yon liv pwosedi
- Ativite ki pa gen rapò ak pwomnad lekòl yo ki pase deyò Eta Florid, men anndan Ozetazini
- Atik ouswa sèvis ki tonbe deyò règ sou sa ou ka achte toutan ekri nan liv pwosedi a (anndan aparèy dijital, Edikasyon Fizik (E.F.) ou chwazi kou ou pi renmen an, mèb pou klas lakay)

## Apendis C

### Atik epi sèvis ki mande pou ou ranpli yon fòm ki rele Fòm pou Benefis Edikasyon

- Règ sou admisyon pou pwomnad ki andeyò Florid epi pak pou amizman nan Florid ( jan yo ekri l nan pati yo rele “Pwomnad epi lòt Aktivite ou Bezwen pou Amelyore Pwogram Detaye a)
- Kou ki enterese w, ki enkli men li pa depann sou lis anba a:
  - Leson mekanik ouswa pwogram fòmasyon
  - Founiti mekanik (zouti dwe satisfè laj manifakti a rekòmande
  - Aktivite jaden ouswa leson nan òtikòl ouswa pwogram fòmasyon yo
  - Founiti pou jaden (zouti yo dwe satisfè laj manifakti a rekòmande
  - Atik pou pwoteje (ki enkli gan pou pwoteje epi linèt pou pwoteje)
  - Zouti ki gen rapò ak bi pou rantr nan inivèsite ouswa plan pou karyè
  - Ap fè pwogram/leson pwodiksyon dijital yo
  - klas pou ògmante konesans/kou edikasyon
- Lojisyèl pou edikasyon epi abònman ki enkli men li pa depann sou lis anba a:
  - Videyo/Televizyon/ sèvis sou entènèt
  - Sèvis mizik nan televizyon ouswa sou odinatè pou nenpòt lè
  - Achte yon jwèt nan entènèt ouswa kredi
  - Televizyon lè yon bagay k ap pase pandan w ap gade l
  - Rezo sosyo ( eksepte LinkedIn Learning for Students)
  - Fanmi ouswa plizyè moun k ap sèvi ak abònman pou lojisyèl la